# Qaraqalpaqstan Respublikasınıń 424 máhellesinde eńgizilip atırǵan «Hákim járdemshisi» lawazımına ashıq tańlaw daǵazalanadı

Image not found or type unknown

Máhellelerdi sociallıq-ekonomikalıq rawajlandırıw, olarda shańaraqlıq isbilermenlikti keńeytiw, xalıqtıń dáramat dáreklerin kóbeytiw hám jumıssızlıqtı kemeytiw maqsetinde aymaqlarda shólkemlestirilgen «Máhellebay» islew sisteması óz nátiyjesin berip atır.

«Máhellebay» islew sisteması tiykarında máhellelerde isbilermenlikti jáne de qollap-quwatlaw, sonday-aq, isbilermenlik sub'ektleri hám xojalıqlar ortasında ekonomikalıq kooperatsiyanı keńeytiw arqalı xalıqtıń dáramatın hám satıp alıw qábiletin asırıwǵa, shańaraq isbilermenligin hám ózin-ózi bánt etip islew iskerligi jáne de kóbeymekte.

Búgingi kúnde, xálıqtıń isbilermenlik joybarların ámelge asırıwdı qarjılandırıwǵa kómeklesiw, olardıń dáramatlı miynet penen bantligin támiyinlew, «Máhellebay» islew sistemasın jańa basqıshqa alıp shıǵıw, atap aytqanda «Máhelleden shıqpay turıp barlıq xızmetlerden paydalanıw» principi tiykarında mámleket tárepinen kórsetiletuǵın xızmetler usınıs etiliwine múmkinshilik jaratıw maqsetinde dáslepki márte tájiriybe sıpatında **hár bir mákán (awıl) puqaralar jıyınında isbilermenlikti rawajlandırıw, xalıqtıń bántligin támiyinlew hám kambaǵallıqtı kemeytiw máseleleri boyınsha hákim járdemshisi** lawazımı eńgizilip atır.

Lawazımǵa qoyılatuǵın tiykarǵı talaplar :

«**Hákim járdemshisi**» lawazımına joqarı maǵlıwmatlı, máhálleniń shárt-sharayatın jaqsı biletuǵın, finans hám ekonomika salasında keminde 2 jıl miynet stajına hám de isbilermenlikti rawajlandırıw, puqaralardıń biznes joybarların ámelge asırıwda qollap-quwatlaw máselelerinde tájiriybege iye bolǵan, ekonomikalıq rawajlanıw hám kambaǵallıqtı qısqartıw, finans, bántlik hám miynet qatnasıqları, investitsiya hám sırtqı sawda ministrlikleri,

mámleketlik salıq basqarması, kommerciyalıq banklerdiń aymaqlıq filialları hám basqa da ekonomikalıq hám investitsiyalıq kompleksine kiretuǵın ministrlik hám mákemeler, olardıń qala hám rayonlardaǵı bólim (filial )lerinde bólim baslıǵınan tómen bolmaǵan lawazımda isleytuǵın xızmetkerler tayınlanadı.

«**Hákim járdemshisi**»nıń tiykarǵı **wazıypaları** tómendegilerden ibarat :

a) máhelle puqaralar jıyınındaǵı sociallıq-ekonomikalıq jaǵdaydı «shańaraqbay» úyreniw, atap aytqanda xalıqtıń bántlik dárejesin, shańaraqlardıń dáramat dáreklerin, qıytaq jerlerinen paydalanıw jaǵdayın hám de dáramatlı miynetke bolǵan umtılıwı hám mútajliklerin analizlew arqalı máhelle haqqında kompleks maǵlıwmatlar bazasın *(pasportın)* qáliplestiriw;

b) máhellede isbilermenlikti rawajlandırıwdıń ishki imkaniyatların , isbilermenlikti jolǵa qoyıw boyınsha qáliplesken qánigelesiwi hám miynet resurslarin inabatqa alǵan halda onı rawajlandırıwǵa túrtki beretuǵın faktorlar hám jónelislerdi belgilew, olardı ámelge asırıw arqalı máhálleniń ekonomikalıq ósiwin támiyinlew;

v) máhellede jasawshı xalıqtıń shańaraqlıq isbilermenligin rawajlandırıw, atap aytqanda olardıń ónermentshilik, úy miyneti (kasanshiliq), qıytaq jerlerinen nátiyjeli paydalanıw, kishi islep shıǵarıw, xizmet kórsetiw hám basqa túrdegi xızmetlerin jolǵa qoyıw ushın shańaraqlıq isbilermenlik baǵ darlaması sheńberinde kreditler alıwǵa kómeklesiw;

g) máhálleniń qánigelesiwinen kelip shıǵıp, kooperatsiya tiykarında isbilermenlik iskerligin jolǵa qoyıw qálewin bildirgen «jetekshi» isbilermenlerge jeńillikli kreditler ajıratıwdı shólkemlestiriw hám de olarǵa turaqlı isbilermenlik penen shuǵıllanıw potencialına iye bolmaǵan xalıqtı óz iskerligin jolǵa qoyıwı ushın biriktiriw;

d) máhelledegi bánt bolmaǵan xalıqtıń isbilermenlik hám turaqlı dáramat keltiretuǵın iskerlik penen shuǵıllanıwın jolǵa qoyıw maqsetinde olarǵa teplica qurıw, qıytaq jerlerin suwǵarıw ushın vertikal suwǵarıw qudıqların burawlaw, awıl xojalıǵı kooperativine aǵza bolıw, ásbap -úskene hám miynet quralların satıp alıw, imárattıń ijara tólewi hám de kásip-óner hám isbilermenlikke oqıwı ushın subsidiyalar alıwǵa kómeklesiw;

e) máhelledegi bos (vakant) jumıs orınların hám de xojalıq jurgiziwshi sub'ektlerdiń máwsimlik jumısshılarǵa bolǵan talabın anıqlaw arqalı jumıssızlardı, birinshi

gezekte «temir dápter», «hayallar dápteri» hám «jaslar dápteri»ne kirgen jaslar hám hayal-qızlardı bos (vakant) jumıs orınlarınǵa jaylastırıw hám de jámiyetlik jumıslarına tartıw;

j) turaqlı dáramat dáregine iye bolmaǵan hám jumıssız xalıqtıń, ásirese, jaslar hám hayal-qızlardıń qızıǵıwshılıǵın úyreniw arqalı olardı kásip-óner hám isbilermenlikke úyretiwshi oqıw oraylarına baǵdarlaw hám oqıwdı tamamlaǵan pitkeriwshilerdiń bántligin támiyinlewge járdem beriw;

z) máhelledegi bos turǵan imárat hám jer maydanların anıqlap, olardı belgilengen tártipte isbilermenlik sub'ektlerine ajıratıw boyınsha tiyisli shólkemlerge usınıslar kirgiziw;

i) máhelledegi isbilermenlerdiń isbilermenlik iskerligin ámelge asırıwǵa tosıq bolıp atırǵan máseleler hám múrájaatların *(injenerlik-kommunikaciya sistemalarına jalǵanıw hám olardan paydalanıw, hár qıylı iskerlikti jolǵa qoyıw ushın ruxsatnamalar hám litsenziyalar alıw, bos turǵan imárat hám jer maydanların isbilermenlik ushın ajıratıw hám basqalar)* tiyisli shólkemler tárepinen unamlı sheshiliwine kómeklesiw arqalı olardıń iskerligin keńeytiw ilajların kóriw;

k) máhelledegi shańaraqlardıń materiallıq hám sociallıq jaǵdayı haqqındaǵı zárúr bolǵan maǵlıwmatlardı «Social qorǵaw birden-bir reestri» elektron bazasına kiritip barıw.

Hákim járdemshisi hár ayda ámelge asırılǵan jumıslar nátiyjeliligi boyı nsha rayon (qala) hákiminiń finans-ekonomika hám kambaǵallıqtı qısqart ıw máseleleri boyınsha birinshi orınbasarı menen birgelikte hákimge esabat berip baradı.

**Joqarıdaǵilardan kelip shıǵıp, Qaraqalpaqstan Respublikası Nókis qalası hám barlıq rayonlar hákimliklerinde eńgizilip atırǵan, respublikadaǵı 424 mákan (awıl) puqaralar jıyınınıń hár biri boyınsha isbilermenlikti rawajlandırıw, xalıqtıń bántligin támiyinlew hám kambaǵallıqtı kemeytiw máseleleri boyınsha hákim járdemshisi lawazımına ashıq tańlaw daǵaza etiledi.**

Bul lawazımǵa kandidatlar rayon (qala)larda hákim basshılıǵındaǵı tańlaw komissiyaların qáliplestiriw arqalı ashıq tańlawlar tiykarında jumısqa qabıl etiledi. Tańlaw nátiyjesine kóre jumısqa qabıl etilgen shaxsqa aldınǵı jumıs jayındaǵıǵa salıstırǵanda kem bolmaǵan muǵdarlarda is haqı tólenedi.

«Hákim járdemshisi» lawazımına tayınlanǵan kúnnen baslap Milliy kadrlar rezervine kiritiledi hám de miynet iskerligi nátiyjeliligine kóre

Mámleket xızmetin rawajlandırıw agentligi usınıslarına tiykar joqarı lawazımlarǵa tańlawsız tuwrıdan-tuwrı ótkeriledi.

Maǵlıwmat ushın telefonlar: (61) 222 66 36

Ózińiz haqqıńızdagı maǵlıwmatlardı (ob'ektivka) krvk@exat.uz adresine jiberiwinizge boladı

Talaban (kandidat)lar múrájaatları usı jıldıń10-noyabrǵa deyin qabıl etiledi.